# Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daawul woon xam luy xàjjale saar yi ba ba ñuy wàcce ci Moom {Bismil Laahir Rahmaanir Rahiim}

Jële na ñu ci Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daawul woon xam luy xàjjale saar yi ba ba ñuy wàcce ci Moom {Bismil Laahir Rahmaanir Rahiim}.

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko]

Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- day leeral ne saari Alxuraan yi da daan wàcci ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- te daawul xam teqale ba ak fan la yam, ba ba ñuy wàcce ci moom: "Bismil Laahir Rahmaanir Rahiim" mu door a xam ne saar wi jiitu jeex na, weneen saar wu bees moo tàmbali.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65051

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee